

COMMONWEALTH NAN
MASSACHUSETTS
KONSÈY PLASMAN ENSTALASYON
ENÈJI



AVI REYINYON KONSEY PLASMAN
LENDI, 8 SEPTANM, 2025
10:00 A.M.

[https://www.mass.gov/info-
details/efsb-25-10-
proposed-rulemaking](https://www.mass.gov/info-details/efsb-25-10-proposed-rulemaking)

EFSB 25-10 – Pwopozisyon Règleman Selon Lwa sou Klima 2024

Yon lwa ki ankouraje yon rezo enèji pwòp, ki amelyore ekite epi ki pwoteje kontribyab yo, Lwa. 2024, chapit. 239 (yo rele “Lwa sou Klima 2024”) egzije Konsèy Pou Etabli Enstalasyon Enèji (“Siting Board”) pou pwomilge règleman pou aplike plizyè dispozisyon. Konsèy la ap fè yon reyinyon piblik lendi 8 septanm 2025 pou diskite epi vote sou yon Desizyon Pwovizwa pou ouvè yon pwosesis pou mete règleman yo an plas. Nan mwa Jiyè 2025, pèsonèl Divizyon Etablisman yo te deja pibliye pou diskisyon kèk pwojè règleman ak gid pwopoze, epi yo te òganize yon reyinyon piblik Konsèy la pou tande kòmantè sou pwojè règleman yo. Baze sou kòmantè yo te resevwa, pèsonèl Divizyon Etablisman yo te revize règleman yo te pwopoze yo.

Nan reyinyon piblik 8 septanm 2025 la, Konsèy Pou Etabli Enstalasyon Enèji a ap koute prezantasyon pèsonèl yo sou règleman pwopoze yo ak dokiman gid ki asosye yo. Konsèy la ap koute kòmantè piblik nan limit tan ki disponib. Reyinyon Konsèy la nan dat 8 septanm nan make kòmansman yon pwosesis ofisyèl pou mete règleman yo an plas, ki pral enkli lòt opòtinite pou soumèt kòmantè alekri ak oral. Konsèy la ap bay enfòmasyon sou pwosesis pou mete règleman sa yo an plas apre reyinyon Konsèy la.

Desizyon Pwovizwa a, ansanm ak règleman pwopoze yo ak dokiman gid yo, ap pibliye sou paj entènèt Konsèy Pou Etabli Enstalasyon Enèji a pou pwosedi sa a: [https://www.mass.gov/info-
details/efsb-25-10-proposed-rulemaking](https://www.mass.gov/info-details/efsb-25-10-proposed-rulemaking). Konsèy Pou Etabli Enstalasyon Enèji a ap kontinye mete ajou paj entènèt la pandan pwosesis règleman an ap fèt.

Reyinyon Konsèy Pou Etabli Enstalasyon Enèji a ap fèt an pèsòn ak sou Zoom, Lendi 8, Septanm 2025, a 10 a.m.

Kote reyinyon an an pèsòn: One South Station, Boston, MA 02110, 3zyèm etaj, Gwo Sal Odyans. Sekirite bilding lan mande yon kat idantite ak foto ki soti nan gouvènman an. Estasyon transpò ki toupre a: South Station (Liy Wouj).

Patisipan a distans yo: sèvi ak lyen sa a pou w rantre -

<https://us06web.zoom.us/j/84389211751> Soti nan yon òdinatè, tablèt, oswa aparèy entelijan. Pou patisipasyon sèlman ak odyo, patisipan yo ka rele nan nimewo sa a (646) 558-8656 (se pa yon nimewo gratis) epi antre ID Webinè a: 843-8921-1751. Yon anrejistreman reyinyon an ap poste sou https://www.youtube.com/@MaDPU_hearing.

Dat Enpòtan yo

Reyinyon Konsèy sou Lanse Pwosesis Règleman	Lendi, 8 Septanm, 2025
Konsèy pou depoze Règleman Pwopoze yo lakay Sekretè Deta	Vandredi, 12 Septanm, 2025

Sekretè Deta pibliye Règleman Pwopoze yo nan Rejis Massachusetts	Vandredi, 26 Septanm, 2025
Peryòd Kòmantè Piblik / Odyans Kòmantè Piblik	17 Oktòb – 7 Novanm, 2025

Demann pou Aranjman Espesyal ak Demann pou Sèvis Lang

Sèvis entèpretasyon pou reyinyon Konsèy sou Lokalizasyon an (an pèsòn ak sou Zoom) ap disponib an Panyòl, Pòtigè, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Vyetnamyen, ak Lang Siy Ameriken (ASL). Sèvis entèpretasyon nan lòt lang yo disponib tou sou demann bay Yonathan Mengesha nan (617) 305-3544 oubyen Yonathan.Mengesha@mass.gov. Enkli nan demann ou lang ou bezwen an ak enfòmasyon kontak ou. Pou ede nou satisfè demann ou a, tanpri soumèt li pi vit ke posib.

Aranjman rezonab pou moun ki gen andikap (pa egzanp, Braille, gwo ekriti, fichye elektwonik, fòm a odyo) disponib sou demann. Pou mande yon aranjman, tanpri kontakte:

Melixza Esenyie
Kowòdonatè pou Non-Diskriminasyon ak Direktè Divèsite, Ekite, ak Enklizyon
Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman Massachusetts
Resous Imèn, 9yèm Etaj
100 Cambridge Street, Boston, MA 02114
eeadiversity@mass.gov, 617-626-1282

Nan kominikasyon w lan, endike aranjman ou bezwen an epi poukisa ou bezwen aranjman an. Bay enfòmasyon pou kontakte w si Kowòdonatè a bezwen plis enfòmasyon. Bay demann ou an pi vit posib. Kowòdonatè a ap konsidere demann ki anreta yo, men li ka pa kapab satisfè yo.

Avi sou Non-diskriminasyon


Konsèy la pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, andikap, laj, sèks, revni, etnisite, klas, andikap, kwayans oswa relijyon, idantite sèks, oryantasyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, konpetans nan lang angle oswa orijin nan administrasyon pwogram oswa aktivite li yo. Gade Avi Sou Non-Diskriminasyon Konsèy la: <https://www.mass.gov/info-details/efsb-non-discrimination-notice-and-grievance-procedure>.

Si ou gen nenpòt kesyon sou avi sa a oswa nenpòt nan pwogram, politik, oswa pwosedi Konsèy la sou non-diskriminasyon oswa ou kwè Konsèy la te fè diskriminasyon kont ou, ou ka kontakte Melixza Esenyie (gade pi wo a pou enfòmasyon kontak) pou plis enfòmasyon.

Kontak

Pou kesyon konsènan reyinyon Konsèy k ap vini an, tanpri kontakte:

Andrew Greene, Direktè
Konsèy Plasman Enstalasyon Enèji
617-305-3525
Andrew.Greene@mass.gov



COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS
KONSEY PLASMAN ENSTALASYON ENÈJI
ONE SOUTH STATION
BOSTON, MA 02110
(617) 305-3525

Sèvis Tradiksyon ak Entèpretasyon

English

ATTENTION: Additional translation and/or interpretation services are available upon request at no direct cost to the individual requesting the service. Include in your request the language required and a way to contact you if we need more information. It may not be possible to fulfill last-minute requests. Contact Yonathan Mengesha at Yonathan.Mengesha@mass.gov to make a request.

Portugues (Standard Portuguese)

ATENÇÃO: Serviços adicionais de tradução e/ou interpretação estão disponíveis mediante solicitação, sem custo direto para o indivíduo que solicita o serviço. Inclua em sua solicitação o idioma necessário e uma forma de contato caso precisemos de mais informações. Pode não ser possível atender a pedidos de última hora. Entre em contato com Yonathan Mengesha pelo e-mail Yonathan.Mengesha@mass.gov para fazer a solicitação.

Kreyòl Ayisyen (Haitian Creole)

ATANSYON: Sèvis tradiksyon ak/oswa entèpretasyon siplemantè disponib si w mande sa san yon pri dirèk pou moun k ap mande sèvis la. Nan demann ou an, mete lang ou egziye a ak yon mwayen pou kontakte w si nou bezwen plis enfòmasyon. Li gendwa pa posib pou ranpli yon demann nan dènye lè. Kontakte Yonathan Mengesha nan Yonathan.Mengesha@mass.gov pou w fè yon demann

Français (French)

ATTENTION : Des services de traduction et/ou d'interprétation supplémentaires sont disponibles sur demande, sans frais directs pour le demandeur. Indiquez dans votre demande la langue requise et un moyen de vous contacter si nous avons besoin de plus d'informations. Il se peut que nous ne puissions pas répondre aux demandes de dernière minute. Merci de contacter Yonathan Mengesha à Yonathan.Mengesha@mass.gov pour faire une demande.

Русский (Russian)

ВНИМАНИЕ: дополнительные услуги письменного и (или) устного перевода предоставляются по запросу без прямых затрат для лица, обратившегося за услугой. Укажите в запросе требуемый язык и способ связаться с вами, если нам понадобится дополнительная информация. Исполнение срочных запросов не гарантируется. Чтобы сделать запрос, свяжитесь с Yonathan Mengesha по электронной почте Yonathan.Mengesha@mass.gov.

한국 (Korean)

주의: 추가 번역 및/또는 통역 서비스는 요청 시 직접 비용 없이 제공됩니다. 요청 시, 필요한 언어와 추가 정보가 필요할 경우 연락을 드릴 방법을 포함하십시오. 마지막 순간에 요청하시면 처리가 불가능할 수 있습니다. 요청하시려면 Yonathan Mengesha(Yonathan.Mengesha@mass.gov)에게 연락하시기 바랍니다.

Español (Spanish)

ATENCIÓN: Hay servicios adicionales de traducción y/o interpretación disponibles a pedido sin costo directo para la persona que solicita el servicio. Incluya en su solicitud el idioma requerido y una forma de comunicarnos con usted si necesitamos más información. Es posible que no sea posible cumplir con solicitudes de último momento. Comuníquese con Yonathan Mengesha a Yonathan.Mengesha@mass.gov para realizar una solicitud.

中文 (Simplified Chinese)

注意: 可应请求提供另外的翻译和/或口译服务, 且不会直接向请求服务的个人收取费用。务必在请求中指明所需的语言, 还有我们可以联系您的方式。临时或迟交的请求, 可能无法满足。提出语言服务请求, 联系 Yonathan Mengesha 电子信箱: Yonathan.Mengesha@mass.gov。

Tiếng Việt (Vietnamese)

LUU Ý: Có cung cấp các dịch vụ biên dịch (viết) và/hoặc thông dịch (nói) bổ sung khi được yêu cầu, và dịch vụ này được cung cấp miễn phí cho các cá nhân yêu cầu dịch vụ. Trong yêu cầu của mình, quý vị hãy ghi rõ ngôn ngữ được yêu cầu và phương thức liên hệ quý vị nếu chúng tôi cần thêm thông tin. Những yêu cầu vào phút chót có thể không được đáp ứng. Hãy liên ông Yonathan Mengesha tại địa chỉ Yonathan.Mengesha@mass.gov để gửi yêu cầu.

(Arabic) العربية

ملاحظة: تتوفر خدمات إضافية للترجمة التحريرية و/أو الترجمة الشفوية عند الطلب دون تكلفة مباشرة للفرد الذي يطلب الخدمة. ادرج في طلبك اللغة المطلوبة وطريقة للاتصال بك إذا احتجنا إلى مزيد من المعلومات. قد لا يكون من الممكن تلبية طلبات اللحظة الأخيرة. تواصل مع Yonathan Mengesha على Yonathan.Mengesha@mass.gov لتقديم طلب.

ខ្មែរ (Khmer)

សូមកត់សម្គាល់: សេវាកម្មបកប្រែឯកសារ និង/ឬបកប្រែផ្ទាល់មាត់មានតាមការស្នើសុំដោយមិនគិតថ្លៃផ្ទាល់ចំពោះបុគ្គលដែលស្នើសុំសេវាកម្មនេះ។ បញ្ចូលទៅក្នុងសំណើរបស់អ្នកសម្រាប់ភាសាដែលត្រូវការ និងវិធីទាក់ទងអ្នកប្រសិនបើយើងត្រូវការព័ត៌មានបន្ថែម។ ប្រហែលជាមិនអាចបំពេញតាមសំណើ ដែលជូនដំណឹងយឺតបានទេ។ សូមទាក់ទង Yonathan Mengesha តាម Yonathan.Mengesha@mass.gov ដើម្បីស្នើសុំ។